# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–24 अगस्त 2025 भोजपुरी समाचार

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आजु नई दिल्ली में गगनयान यात्रियन खातिर आयोजित भइल एगो सम्मान समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि भारत खाली उपग्रह अंतरिक्ष में नाहीं भेजि रहल हौ, बलुक भारत अंतरिक्ष के क्षेत्र में पूरा दुनिया के आपन ताकति देखवले हौ।

**चंद्रयान से लेकर मंगलयान तक हमने यह सिद्ध किया है कि सीमित संसाधनों के बावजूद इच्छा शक्ति यदि असीमित हो लक्ष्य हमारे सामने स्वाभाविक रूप से छोटा पड़ जाता है। भारत का विजन स्पष्ट है। भारत इस देश को केवल रिसर्च के क्षेत्र के रूप में नहीं देखा है, बल्कि हम इसे आने वाले कल की इकोनॉमी, सिक्योरिटी, एनर्जी और ह्यूमेनिटी के फ्यूचर के रूप में भी देखते हैं।**

येह मौका पर रक्षा मंत्री अंतरिक्ष के क्षेत्र में बढ़ियां कार करे वाले ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला, प्रशांत बालकृष्णन नायर, अजीत कृष्णन अउर अंगद प्रताप के सम्मानित कइलें। अंतरिक्ष यात्री ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला के बिहने अपने घरे लखनऊ अइले पर स्वागत क खास तइयारी कइल जा रहल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु श्री गुरु ग्रंथ साहिब के पावन प्रकाश परब के मौका पर गोरखपुर क पैडलेगंज के गुरूद्वारा श्री गुरू सिंह सभा में पर्यटन विकास कार्यन क लोकारपण कइलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि सिख गुरू सनातन धरम अउर भारतीय संस्कृति के रक्षा बदे अपने प्राण क आहुति दिहलें। उनकर वीरता, त्याग अउर बलिदान देस के आत्मा में अजुओ जीवित बा।

**याद करना इतिहास में वही जाती और कोम जीवित रही है, जो अपने पूर्वजों पर उनके शौर्य को उनके पराक्रम को उनके योगदान को स्मरण करके उसे अपने जीवन का हिस्सा बनती है। सिखों के समृद्धि और उनके प्रगति के पीछे भी गुरु परंपरा के प्रति उनकी आघात निष्ठा है, गुरु नानक देव जी से लेकर के गुरु गोविंद सिंह जी महाराज तक एक ऐसी अनुपम और अटूट परंपरा जिसने भारत और भारतीयता के लिए सनातन धर्म के लिए बार–बार अपनी शहादत दी। जब भी आवश्यकता पड़ी जब भी सनातन पर कोई संकट आया सिख गुरुओं ने आगे आकर के अपना सर्वस्व बलिदान करने में कोई संकोच नहीं किया।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने गोरखपुर प्रवास के दुसरका दिन्ने गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में सामिल भइलें। उहां के प्रदेस के कोना–कोना से आइल करीब दुइ सौ लोगिन क समेस्या सुनलीं अउर ओकर समुचित निस्तारण बदे सम्बनिधत अधिकारियन के निरदेसित कइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि जन समेस्या क निस्तारण तत्परता अउर संवेदनसीलता से कइल जाव। जनता क हर समेस्या के दूर करे बदे सरकार प्रतिबद्ध हौ।

**********

केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी आजु महाराजगंज में भाजपा क जनसंपर्क अभियान में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री चौधरी कहलें कि भाजपा सरकार गरीब, किसान, महिला अउर नौजवानन क सरकार हौ। उज्ज्वला योजना, आयुष्मान भारत, प्रधानमंत्री आवास योजना अउर किसान सम्मान निधि जइसन योजना एकर सबसे बड़हन प्रमाण बा। उहां के कहलीं कि डबल इंजन क सरकार विकास के गांवें–गांवे ले पहुंचवले क कार कइले हौ जबकि बिपक्षी दल खाली झूठ वादा अउर जातिवाद के राजनीति ले सीमित रहल हवे।

**********

उत्तराखंड क मुख्यमंत्री पंकज धामी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ श्री राम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क माननीय सदस्य, राजसदन अजोध्या क मुखिया विमलेंद्र मोहन प्रताप मिश्र के सरगबास पर सोक जतवले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से दुन्नो मुख्यमंत्री सोकाकुल परिजनन बदे आपन संवेदना जतावत भगवान से उन्हें अपने श्रीचरण में जगहि दिहले क प्रार्थना कइले हवें।

**********

प्रदेस के कई गो जिला में हो रहल बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़ल गइले के नाते आम लोगिन क जिनगी अस्त–व्यस्त हो गइल बा। ओहीं मौसम विभाग प्रदेस के कई  जिलन में अगिला चउबीस घंटा के भित्तर गरज–चमकि के साथे भारी बरखा क आगम जतवले हवे। मिर्जापुर में पछिला पनरह घंटा से लगतारे हो रहल तेज बरखा के नाते अहरौरा, जरगो, डोगिया, देकवा अउर लोअर खजुरी बंधा ओवरफ्लो कइ रहल हौ। सज्जो बन्हन क तीस गेट खोलि के करीब बारह हजार क्यूसेक पानी छोड़ल जा रहल हौ, जेहसे गड़ई के सथहीं अउरियो नदी उफान पर हौ। ओहर चन्दौली में बाढ़ि अउर बरखा के नाते चन्द्रप्रभा अउर गड़ई नदी उफान पर हौ, जेकरे नाते पंडित दीनदयाल उपाध्याय नगर तहसीलि अउर सदर तहसीलि के नदी के लग्गे के गांवन में बाढ़ि जइसन हालति पैदा हो गइल हौ। जिला प्रसासन की ओरि से बाढ़ि परभावित इलाकन के लोगिन के सुरक्षित जगहिनि पर ले जाइल जा रहल हौ।

**********

बनारस जिला में बाढ़ि के बाद गंगा घाट क सूरति बदले खतिर आजु नमामि गंगे अउर नगर निगम क करमचारी सिंधिया घाट पर स्वच्छता अभियान चलवलस।

**********